

Septanm 2024  
Nimewo 14

## Accountability Note



# Aprè Akò a: Egzekisyon mezi Koreksyon an favè Peyizan ki te Deplase nan Nò peyi Dayiti

Scott Freeman  
Lani Inverarity  
Megan Pearson



## Konsènan Sant Rechèch ki rele Accountability Research Center

The Accountability Research Center (ARC) se yon sant rechèch ki baze nan Depatman Sèvis Entènasyonal anndan American University. ARC fè pon ant rechèch ak refleksyon ki an premye liy yo pou rive aprann apati lide, enstisyon, ak aktè ki ap fè avanse estrateji ki vize amelyore transparans, patisipasyon ak redisyon kont. Pou plis enfòmasyon, vizite sit nou ki se [www.accountabilityresearch.org](http://www.accountabilityresearch.org).

## Konsènan Piblikasyon ARC yo

Piblikasyon ARC yo sèvi kòm yon platfòm pou estratèj ak chèchè ki ap travay nan kesyon redisyon kont pou pataje esperyans ak refleksyon yo avèk yon ansanm lektè divèsifye ak alye potansyèl nan diferan domenn ak sektè. Piblikasyon sa yo prezante kèk inisyativ lokal ki diferan youn ak lòt nan sa ki konsène kèk sijè ki antre nan deba ki pi laj ki ap fèt sou transparans, patisipasyon ak redisyon kont. Pou plis enfòmasyon, vizite sit nou an ki se [www.accountabilityresearch.org/publications](http://www.accountabilityresearch.org/publications).

## Dwa ak Otorizasyon



Kontni ki nan piblikasyon sa twouve pwoteje nan kad lisans ki pote non Commons Attribution 4.0 Unported license (CC BY 4.0). Si ou tradui li, tanpri ajoute deklarasyon non-responsabilite nou pral site la: Se pa Accountability Research Center (ARC) ki reyalize tradiksyon sa epi ARC pa responsab erè ki genyen nan tradiksyon an.

Tanpri men kijan pou ou site travay sa a: Freeman, Scott, Lani Inverarity, ak Megan Pearson. 2024. "Aprè Akò a: Egzekisyon mezi Koreksyon an favè Peyizan ki te Deplase nan Nò peyi Dayiti" Accountability Note 14. Accountability Research Center. <https://doi.org/10.57912/26893324>

*Foto sou paj kouvèti a:* Marie Marthe Rocksaint, yon ti peyizan yo te fòse kite tè li a lè yo t ap kòmanse konstriksyon Pak Endistriyèl Karakòl la. Fanmi li fè pati 422 lòt fammi ki te pèdi tè yo nan moman yo te bay otorizasyon pou konstriksyon pak la..

*Kredi:* Marilia Leti/ActionAid

# Contents

<b>Rezime .....</b>	<b>5</b>
<b>Kontèks: Deplasman ak Domaj.....</b>	<b>8</b>
<b>Estrateji batay pou Redisyon kont lan .....</b>	<b>11</b>
<b>Yon akò ki make yon revolisyon? .....</b>	<b>14</b>
<b>Lit pou Egzekisyon akò a.....</b>	<b>15</b>
<b>Reta nan egzekisyon opsyon tè a .....</b>	<b>16</b>
<b>Defi yo rankontre nan akonplisman angajman sou plan anviwonmantal ak sosyal yo...</b>	<b>17</b>
<b>Enpòtans ki genyen nan fè swivi sou egzekisyon an.....</b>	<b>17</b>
<b>Leson nou aprann nan kesyon Redisyon kont .....</b>	<b>20</b>
<b>Konklizyon.....</b>	<b>23</b>
<b>Referans .....</b>	<b>27</b>

# Konsènan otè yo

**Scott Freeman** se yon Asistan Pwofesè nan Lekol Sèvis Entènasyonal anndan American University. Li se yon antwo-pològ epi li ap reyalize rechèch etnografik sou tèren sou kesyon èd, anviwònman ak fason moun travay nan zòn riral nan peyi Dayiti. Travay li yo konsantre yo plis sou pwoblèm sosyal ak ekonomik pwosedi administratif nan domenn èd kreye nan zòn kote egzekisyon yo ap fèt. Li genyen yon Doktora nan antwopoloji aplike li pran nan Columbia University.

**Lani Inverarity** se Direktè Pwogram ak Estrateji nan Accountability Counsel (AC). Avan pòs sa a, Lani te pase plis pase senk lane ap pote sipò li dirèkteman bay plizyè santèn peyizan an Ayiti ki te sibi deplasman akoz konstiksyon Pak Endistriyèl Karakòl la. Li te sipòte tou kominate nan peyi Kolonbi, Kenya, Mongoli ak Ikrèn. Lani genyen yon metriz nan Dwa li pran nan Fakilte Dwa Inivèsite Yale epi li jwenn admisyon li nan Bawo epi kòm Avoka nan Tribunal Premye Enstans nan peyi Nouvèl Zelann.

**Megan Pearson** se yon Asosye sou kesyon Politik nan Accountability Counsel (AC), ki se yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ki ap sipòte kominate patou nan mond nan pou defann dwa yo genyen kòm moun ak anviwònman an atravaè biwo ki la pou fè redisyon kont nan nivo enstitisyon finansye ki ap fè developman yo. Li konsantre li sou ranfòse poltik enstitisyon finansye yo nan lide pou pote koreksyon fas ak enpak anviwònmantal ak sosyal negatif ki genyen rapò avèk envestisman yo fè. Avan li te antre nan AC, li te travay nan Enstiti pou Jistis ak Demokrasi an Ayiti. Li genyen yon doktora nan dwa li pran nan Fakilte Dwa Inivèsite Yale epi li se manm Bawo ki nan District of Columbia.

## Remèsiman

Otè yo ta renmen remèsyse plizyè kolaboratè ki rann pubblikasyon sa posib. Milostene Castin, ki pa janm fatige nan òganize travay nan non ti peyizan Ayisyen yo, yon travay ki pote gwo rezulta fas ak gwo obstak yo te rankontre. Megumi Tsutsui, Samer Aarabi ak Sara Jaramillo pou gwo travay yo fè nan solidarite avèk Kolektif la ki reyini peyizan ayisyen ki te deplase yo, epi tou pou kontribisyon ki genyen anpil valè yo bay pandan nou t ap ekri pwojè sa a. Joseph Wendy Alliance, Alix Percinthe, Yolette Etienne, e Antoine Bouhey ki travay nan Federasyon ActionAid, pou travay solidè yo. Nou ap remèsyse Karen Brock, ki te yon modèl pasyans ak sipò pandan tout tan nou te pran pou rive akouche travay kolaboratif sa a. Kathryn O'Neill pou travay edisyon li reyalize, ak tout rès ekip ARC a pou sipò yo. Remixon Guillaume pou tradiksyon soti Anglè pou mete an Kreyòl, e pou travay li depi 2016. Joseph Wendy Alliance, Alix Percinthe, Yolette Etienne, e Antoine Bouhey ki travay nan Federasyon ActionAid, pou travay solidè yo. David Hunter ak Brian Concannon, ki te founi bon jan komantè epi ki yo menm, akoz konesans enstitisyonèl ak istorik pwofon yo genyen, te pote gwo amelyorasyon nan dokiman sa a. Avan tout bagay, tout otè yo esprime pwofon respè ak admirasyon pou tout Kolektif la, se yon privilèj pou nou te travay bò kote yo pandan tout ane sa yo.

Tout erè oswa mankman nan pubblikasyon sa se responsabilite otè yo sèlman.

# Rezime

An Janvye 2011, yo te fòse plis pase 400 fanmi nan nòdès Ayiti kite tè agrikòl yo pou fè preparasyon pou akeyi Caracol Industrial Park (CIP, Pak Endistriyèl Karakòl) la, ki se yon gwo enfrastrikti endistriyèl nan domèn tekstil ki jwenn finasman Inter-American Development Bank (IDB, InterBank Entèameriken pou Developman) ak gouvènman peyi Etazini.

Atik sa retrase pakou remakab fanmi ayisyen yo pou rive jwenn konpansasyon pou deplasman yo te sibi. Malgré tout obstak, yo te òganize yo, epi chèche sipò entènasyonal sou dosye yo a, epi, yo te itilize mekanis rediksyon kont endepandan ki genyen nan IDB, pou rive finalman negosye yon akò avèk IDB epi gouvènman Ayisyen an pou restore mwayen sibzistans yo. Men batay yo a pa te fini la.

Pifò nan batay pou jwenn reparasyon yo fèt aprè siyati akò a —yon royalite moun ki ap fè pledwaye pou redisyon kont pa souvan konnen. Li te vin nesesè pou jwenn sipò defansè dwa moun sou plan lokal ak entènasyonal pou te rive jwenn menm yon egzekisyon pasyèl akò a. Depi nan kòmansman, chans pou fanmi ayisyen yo te reyisi nan pwosesis sa te piti anpil: pa genyen anpil Independent Accountability Mechanism (IAM, Mekanis Redisyon Kont Endepandan) ki genyen kapasite oswa manda pou fasilité okenn reparasyon. Mete sou sa, dosye Karakòl la reprezante yon egzanp ki ra anpil kote yon kominate ki deplase rive itilize avèk sikè yon Mekanis (IAM) konsa pou lanse negosyasyon pou jwenn tè ranplasman. Jiska prezan, genyen plizyè fanmi, sa fè plizyè lane ki toujou poko jwenn reparasyon sa akoz reta ki genyen, sa ki ogmante soufrans yo epi agrave pèt ekonomik ak sosyal yo te sibi akoz tè yo te pèdi a. Li te nesesè pou genyen swivi ak pledwaye ki fèt sis lane aprè siyati akò a. Akoz travay sa yo, li posib pou anpil nan fanmi yo resevwa kèk konpansasyon—tankou tè (pou kèk nan yo).

Menm si jwenn yon akò pou rezoud yon domaj ki te koze se souvan objektif pwosesis ki genyen nan mekanis pou redisyon kont yo, Atik sa vle montre lit ki te mennen aprè siyati akò a. Pou garanti yo founi reparasyon sa yo, sa mande pou genyen vijilans ak pledwa kontini. Atik sa founi kèk lesyon kle ki kapab sèvi kominate ak defansè yo ki espere jwenn reparasyon atravè pwosesis rezolisyon konfli ki anndan IAM sa yo:

**Leson 1:** Siyen yon akò pou jwenn reparasyon pa vle di pwosesis la fini, men se kòmansman yon lòt batay.

**Leson 2:** Kontinye fè swivi ak pledwaye esansyèl pou rive nan egzekisyon akò sou reparasyon yo.

**Leson 3:** Akò sou reparasyon yo dwe konsidere posibilité ki genyen pou rankontre defi pandan egzekisyon an.

Menm si anviwònman politik ak ekonomik la difisil an Ayiti kote egzekisyon akò a ap fèt la, lesyon moun aprann nan dosye sa pa sèlman gen rapò avèk Ayiti. Akoz bank developman yo ap kontinye evolye nan kontèks ki frajil ak kriz, li posib pou genyen menm kalite obstak sa yo ki prezante lòt kote nan kad jefò pou pote reparasyon.

# Entwodiksyon: “Yon Rèv Moun Fou”

*Depi lè nou pèdi tè nou an, se kòmsi yo te koupe tèt nou. Se kòmsi nou te mouri. Nou pa te kapab travay ankò. Nou pa te kapab bay pitit nou manje. Nou pa te kapab peye lekòl pitit nou. Nou pa te genyen lòt sous revni.*

*Eva Jean Baptiste, youn nan lidè Kolektif Peyizan Victim Tè Chabè*

An Janvye 2011, genyen plis pase 400 fanmi nan nòdès peyi Dayiti yo te fòse kite tè agrikòl yo pou fè plas pou Caracol Industrial Park (CIP, Pak Endistriyèl Karakòl), ki se yon gwo enfrastrikti endistriyèl nan domèn tekstil ki prensipalman jwenn finansman Inter-American Development Bank (IDB, Entè-ameriken pou Developman) ak gouvènman Etazini atravè United States Agency for International Development (USAID, Ajans Ameriken pou Developman Entènasyonal). Pèt britsoukou tè yo te konnn kiltive—epi mwayen sibzistans li te ba yo—te lage anpil fanmi nan enkapasite pou reponn a bezwen elemantè yo. Kòm repons, yo te òganize tèt yo pou fòme Kolektif Peyizan Victim Tè Chabè (Kolektif) epi an Desanm 2018, aprè plizyè ane jefò san kanpe, rankont ak negosasyon, yo te rive siyen yon akò istorik avèk IDB epi gouvènman Ayisyen an pou restore mwayen sibzistans yo.<sup>1</sup>



Yon imaj anlè ki montre Pak Endistriyèl Karakòl la, ki antoure avèk tè agrikòl.

Kredi: Google Earth

Pwosesis rezolisyon konfli ki te mennen nan akò a te kòmanse an Janvye 2017, lè Kolektif la te depoze yon plent nan Independent Consultation and Investigation Mechanism (MICI, Mekanis Endepandan pou Konsiltasyon ak Envestigasyon), ki se yon biwo endepandan ki anndan IDB ki la pou resevwa plent kominote yo konsènan ris ak enpak anviwònmantal ak sosyal pwojè IDB finanse yo genyen.<sup>2</sup> MICI ak lòt mekanis non-jidisyè menm jan ak li menm ki la pou resevwa plent te kreye anndan enstitisyon finansye ki ap fè developman yo, epi ki chak jou pi plis, ale pi lwen pase sa (Acumen Capital Partners 2024; ANZ Banking Group Limited 2024; WWF 2024). Yo te mete kanpe mekanis sa yo kòm yon repons a mankman nan domèn redisyon kont akoz yon pakèt baryè ki genyen, tankou iminite devan lalwa òganizasyon entènasyonal yo genyen, sa ki anpeche kominote yo chèche bon jan reparasyon nan lajistis pou domaj pwojè ki genyen finansman entènasyonal yo koze (Bradlow 2005; Suzuki ak Nanwani 2005). Menm si biwo sa yo genyen enpòtans pou kominote ki pa genyen anpil twòp opsyon devan yo, biwo yo prezante kèk defi ki enpòtan anpil. Pa genyen anpil Independent Accountability Mechanism (IAM, Mekanis Redisyon Kont Endepandan) ki genyen kapasite oswa manda pou facilite moun jwenn reparasyon, epi li ra anpil pou rive regle yon pwoblèm atravè pwosesis Mekanis sa yo mete an plas (Park 2022). Pwosesis pou pote plent la difisil pou swiv san asistans yon defansè ekstèn, epi menm si yo jwenn yon akò, egzekite epi fè yo mete li an aplikasyon egzije pou kontinye genyen pledwaye ki fèt (Genovese et al. 2016).

Akò 2018 la se rezulta yon estrateji nan domèn redisyon kont kote yon manm nan kominote a te bay li non "yon rèv moun fou." Nan sans sa, malgre tout obstak ki te genyen, plent ki te depoze a te mennen nan yon pwosesis dyalòg MICI te facilite ant reprezantan Kolektif la, IDB ak gouvènman Ayisyen an. Aprè 18 mwa dyalòg, tout twa pati yo te rive siyen yon akò final, ki te genyen objektif pou sipòte jefò pou restore mwayen sibzistans peyizan yo epi tou amelyore jesyon ris anviwònmantal ak sosyal nan nivo Pak la ak kominote ki viwonnen li yo (Accountability Counsel 2018; MICI 2019).

Men jwenn yon akò se sèlman yon etap pou rive pote reparasyon bay moun sa yo ki te deplase akoz Pak la. Egzekisyon akò a pa te yon bagay fasil epi genyen anpil reta nan pwosesis sa a. Obstak biwokratik tankou pwosesis konplèks pou facilite transfere tèren yo koze gwo reta nan egzekisyon an, sa ki koze plis domaj toujou sou fanmi ki te deplase yo. Nan kòmansman lane 2020, de lane aprè siyati akò a, pandemi Kovid-19 la li menm tou te retade egzekisyon an. Blokaj ki te genyen nan tout peyi a kòm repons a koripsyon ki genyen nan gouvènman an te lakoz transpò machandiz ak sèvis yo te vin pi difisil, men tou pouvwa gang yo ki t ap ogmante, enflasyon ki pa sispan monte ak ogmantasyon pri gaz. Reta ki genyen nan egzekisyon an te koze soufrans reyèl nan mitan plizyè manm nan kominote a.

Malgré tout obstak sa yo, Kolektif la kontinye mete presyon pou tout sa ki prevwa nan akò a egzekite. Fas ak gwo advèsite yo te konnen, lit la te pèmèt anpil nan manm kominote yo jwenn sa yo te pwomèt yo kòm reparasyon. Ka yo a montre defi ki genyen jeneralman nan rechèch solisyon nan kad vyolasyon dwa moun ak anviwònman an, pi patikilyèman, nan nivo mekanis redisyon kont ki genyen anndan International Financial Institution yo (IFI, Enstitisyon Finansye Entènasyonal) (konsilte Johnston 2000).

Atik la montre enpòtans pou genyen swivi, pledwaye kontini, rapò piblik ak presyon ki dwe bay aprè siyati akò sou reparasyon ki jwenn pandan rezolisyon konfli yo nan nivo Enstitisyon Finansye entènasyonal yo. Si pa genyen yon atansyon ki pote aprè siyati akò yo, reparasyon ki prevwa yo p ap genyen gwo chans pou tounen yon reyalite. Òganizasyon ak gwoup ki ap fè pledwaye yo dwe nan sans sa a, genyen yon bidjè epi yon plan pou angaje yo nan yon aksyon pledwaye pandan yon tan ki long pou egzije aplikasyon la lwa lè y ap sipòte kominote yo nan chèche reparasyon nan kad pwosesis rezolisyon konfli ki prevwa anndan IFI yo.

Leson nou te aprann nan dosye sa pa sèlman gen rapò avèk Ayiti. Akoz bank developman yo ap kontinye evolye nan kontèks frajilate ak kriz (IDB 2023; World Bank Group 2024), li posib pou menm kalite obstak sa yo ki prezante lòt kote nan kad jefò pou pote reparasyon. Kontèks politik ak ekonomik Ayiti a differan men kondisyon enflasyon ki ap ogmante, kriz sante piblik, enstabilite gouvènmantal, ak vyolans jeneralize egziste nan anpil lòt eta kote bank developman multilateral sa yo fè envestistman. Leson nou aprann nan dosye Kolektif la nan ka sa kapab aplike menm pi lwen pase zòn riral ayisyen yo.

# Kontèks: Deplasman ak Domaj

CIP la fè pati yon zòn franch ki etabli sou yon sipèfisi 250 ekta tè ki prensipalman akeyi faktori ki ap pwodui rad. Ladan li genyen plizyè batiman administratif, enfrastrikti pou estokaj ak tretman dechè solid ak likid, yon santral ki pwodui 10 megawat kouran ak lòt enfrastrikti ki asosye avèk yo. Li twouve li nan depatman Nòdès Ayiti, epi li twouve li a yon distans anviwon 4 kilomèt Bè Karakòl—ki genyen yon ekosistèm kotyè sansib ki genyen mangwòv, zèb maren, bè a ak resif koralyen ki soti Okap pou rive an Republik Dominiken.<sup>3</sup> Nan kòmansman lane 2011, CIP la te konstwi epi se Inite Teknik Egzekisyon (ITE) ki soti anndan Ministè Ekonomi ak Finans peyi Dayiti ki te kòmanse jere li. An Me 2014, yo te transfere responsabilite jesyon an bay Sosyete Nasyonal Pak Endistriyèl (SONAPI) men li tounen nan men ITE ankò an 2019 akoz move rezulta SONAPI (konsilte Le Nouvelliste 2019; IDB p.g.d, a).

**Fig1. Pak Endistriyèl Karakòl an Ayiti ak reyon ki antoure yo**



Kredi: Google Earth

Avèk yon pwomès 60 000 djòb,<sup>4</sup> konstriksyon Pak la te akselere aprè tranblemantè katastwofik Janvye 2010 la an Ayiti. Kòm pifò repons a tranblemantè a pa te pase nan men gouvènman an men pito nan men aktè entènasyonal yo, Pak la ak pwopozisyon kreyasyon djòb li a te rapidman tounen prensipal pwojè nan kad jefò pou remete peyi a kanpe aprè tranblemantè a (Johnston 2024). Pak la ki twouve li byen lwen episant tranblemantè a nan Pòtoprens, fè pati yon plan global pou fè zòn nò peyi Dayiti tounen yon sant pou fè komès.

Pak la se yon pwojè ki reyini enterè yon pakèt aktè entènasyonal; li te resevwa bon jan sipò finansye ak politik nan men Depatman Deta Ameriken (Johnston 2024), Bill ak Hillary Clinton (ki te vin Sekretè Deta), USAID (USAID p.g.d), epi jwenn apwobasyon Komisyon Enterimè pou Rekonstriksyon Ayiti (Müller-Poitevien 2012). Cheryl Mills (ki te vin Chèf Kabinè Sekretè Clinton) te ede nan fasilité patenarya avèk konpayi Koreyen Sae-A, ki te resevwa plizyè milyon dola kòm mezi ensitatif pou ouvri faktori a an Ayiti (Johnston 2024). Relasyon politik ki te devlope anndan pwojè a te benefik pou aktè yo aprè konstriksyon an: aprè li fin kite Depatman Deta, Mills te ouvri yon konpayi ki rele Blacklvy epi li te resevwa sipò finansye nan men chèf Sae-A, ki se Woong-ki Kim (McIntire 2016). Nan mitan enterè politik melanje sa yo, IDB te finanse CIP la depi nan kòmansman li, epi li kontinye finanse li atravè sibvansyon ki totalize preske US\$264.5 milyon dola ameriken, epi atravè plizyè lòt èd li bay pou koperasyon teknik (IDB p.g.d, b).

Malgre gwo pwofil finansye ak politik pwojè a prezante, IDB pa te rive fè yon bon travay nan premye etap dewoulman pwojè a nan jan pwosesis yo trase pou sa fèt. José Agustín Aguerre, ki te Responsab Peyi anndan IDB nan moman an, te fè konnen "ijans nan pwojè a" te mande pou yo pran kèk rakousi. "Si yon moun ta dwe fè sa jan pwosesis la nòmalman mande sa nan kesyon planifikasyon epi finansman epi pou pran desizyon, kòmanse chèche kliyan sèlman, epi kòmanse konstriksyon a, nou t ap pran menm 10 lane san nou pa genyen pak endistriyèl la" (konsilte Sontag 2012).

Chwa tèren pou mete Pak la te fèt nan fen lane 2010 sou baz yon pre-evalyasyon sou fezabilite ki te fèt sou 18 sit potansyèl, yon etid IDB te finanse (IDB p.g.d, c). Konpayi ki te reyalize evalyasyon sa ki te chaje mankman ladan li, pa te jamn mete pye nan lokalite a. Evalyasyon sa pa te pran an kont tout analiz anviwònmantal ak sosyal ki te dwe fèt, epi kòm move konklizyon, li dekri sit CIP la kòm yon kote ki "pa te genyen okenn kay oswa agrikilti entansif ki t ap fèt sou li (Koios Associates 2010, 55–57).

An reyalite, tèren kote Pak la ye a se yon bon kalite tè agrikòl kote preske 442 fanmi te abitye kiltive li an plizyè moso. Sa reprezante preske 4000 moun ki depann de aktivite agrikòl yo pou jwenn mwayen sibzistans yo.<sup>5</sup> Genyen yon evalyasyon an reta ki te fèt nan mache prese nan mitan lane 2011 sou enpak anviwònmantal ak sosyal yo, nan yon moman yo te deja mete fanmi yo deyò, ki revele sa nou pral site la a,

*... sòl sit yo chwazi a se kote ki pi fètil nan tout zòn nan, menm nan peryòd sechrès. Li se tou sous revni pou anpil moun ki te okipe espas la ki pa genyen lòt aktivite aprè kiltive tè sa a. Tout fanmi yo depann de moso tè sa yo pou bay pitit yo manje epi peye lekòl pou yo, swen sante epi peye dèt yo genyen...kiltirèlman, genyen kèk fanmi ki te okipe tè sa pandan plizyè jenerasyon. Okipan yo vin devlope yon koneksyon natirèl avèk tè a, kèk abitid nan jan yo manje. Preske chak jou epi pandan tout ane a, yo koupe fèy oswa legim ki ap kontribye nan sa y ap manje.*

*Koios Associates 2011<sup>6</sup>*



Yon peyizan nan Karakòl Etienne Robert ki kanpe anfas mi kloti Pak la, ki divizè tè li a an de moso.

Kredi: Marilia Leti, ActionAid.

ap genyen sou fanm ak tifi yo konpare ak lòt kategori yo.

Sa ki pi enpòtan petèt, se paske IDB ak ITE pa te rive idantifye chif egzat sou kantite moun ki te deplase yo, yo pa te rive byen konte pèt yo epi pa te rive detèmine disponiblite lòt tè kòm altènativ jan sa dwe fèt.

Finalman, IDB ak ITE te abandone Plan Aksyon Relokalizasyon an lè yo te vin wè li difisil pou idantifye lòt tè kòm altènativ pou fanmi yo. Olye sa, yo te ofri yo yon pakè ki genyen lajan kach kòm konpansasyon epi yo kite fanmi yo avèk yon chay sou do yo pou yo idantifye tè ranplasman ki ap bon pou yo. Menm si premye pakè konpansasyon sa a pa te apwopriye sou plizyè fòm, peyizan yo jeneralman pa te genyen lòt chwa nan ka sa: si yo pa te asepte li, yo pa t ap resevwa anyen.

*Yo te deside rankontre nou, epi yo te di, "Nou ap bay nou lajan." Mwen pa te vle siyen. Mwen te di, "Se pa lajan sa nou te di nou ap bay pou nou achte tè a, travay avèk li, pou nou kapab ede piti nou."*

*Remy Augustin, youn nan lidè Kolektif la*

Pwojè a te deplase fanmi yo sou tè agrikòl sèlman kèk jou aprè yo fin anonsé yo sa (Chérestal 2015; Gender Action 2013).<sup>7</sup> Leta ayisyen mete fanmi yo deyò pou prepare vini Pak la san devlope avan sa okenn Plan Aksyon pou Relokalize yo, epi li pa rive respekte tout sa la lwa di epi respekte etap ki prevwa nan kad konsiltasyon yo, ki se yon egzijans Politik Operasyonèl IDB fè nan ka Relokalizasyon Envolontè.

Nan ka sa, konsiltan IDB yo, ansanm ak ITE te kouri devlope yon Plan Aksyon pou Relokalizasyon epi yon pwogram konpansasyon an reta. Men pwosesis sa te konnen yon pakè pwoblèm (Kolektif 2017). Premyeman, konsiltayon bò kote kominate ki te afekte yo te limite a yon asosyasyon ki te rele "lidè natirèl" kote se konsiltan IDB yo ki te chwazi manm yo, ki pa te reprezantante peyizan ki deplase yo. Mete sou sa, yo pa te janm pataje enfòmasyon konsènan pwojè a ak Plan Aksyon pou Relokalizasyon an avèk peyizan yo nan yon fòma ki apwopriye (kote y ap konsidere pouvantaj peyizan ki konn li ak ekri ki fèb) oswa nan lang li ap pibliye a (enfòmasyon yo te ekri an fransè olye yo te an kreyòl ayisyen). IDB ak ITE te echwe nan travay pou byen idantifye epi redui gwo ris apovrisman lè y ap konsidere sikontans endividiyèl chak peyizan mete sou karakteristik jeneral deplasman yo ak move kondisyon lavi pifò moun ki ap viv nan zòn riral yo. De enstitusyon sa yo pa te rive mennen bon jan ankèt epi redui enpak ki pa pwopòsyonèl deplasman an

Peyizan yo te genyen rezon pou doute sou pwosesis la. Malgre enpòtans ekonomik agrikilti genyen an Ayiti, istorikman yo toujou mete ti peyizan yo sou kote, yo pa resevwa gwo bagay nan kad pwogram èd sosyal yo, epi yo fè pati moun ki pi pòv nan kominote yo, epi yo souvan viktим istorikman nan kad deplasman popilasyon leta ap reyalize (Shamsie 2012; Trouillot 1990).<sup>8</sup> Peyizan Pak la te deplase yo konsyan genyen yon sistèm ki mete an plas pou akapare tè sou sit kote Pak la ye a menm epi tou nan komin ak depatman ki tou pre yo. Istorikman, tè yo a, Tè Chabè, se yon tè ke lòt moun te sezi pou fè plantasyon kann ak pit, epi se nan moman okipasyon Ameriken an ki te kòmanse an 1915 yo te pran tè sa yo. An rezime, tè sa rantre nan kad yon long istwa kote te genyen anpil deplasman ak lòt moun ki ap rekipere tè sa a (Joos 2023). Nan kontèks sa a, peyizan yo te kòmanse òganize yo.

*Lè nou te remake—jan lavi a chanje pou nou—nou te rankontre an 2014...Pak sa a, olye li ede nou avanse, li fè lavi nou vin pi mal...se konsa nou te deside kreye Kolektif Peyizan Víktim Tè Chabè, nou rasanble, nou vote pou chanjman, nou di nou pa kapab kanpe konsa, nou dwe leve vwa nou pou reklame dwa ak devwa nou.*

*Jocelyn Prévil, youn nan lidè Kolektif la*

## Estrateji batay pou Redisyon kont lan

Soti Avril 2014, avèk sipò òganizasyon lokal ki nan sisyete sivil la, tankou *Action pour la Reforestation et la Défense de l'Environnement* (AREDE), peyizan yo te kòmanse fè gwo reyinyon an gwoup pou pataje espéryans yo, pou idantifye ansanm iregilarite ki te genyen nan pwosesis pou deplase yo a, epi planifye estrateji pou mande reparasyon. Pandan reyinyon sa yo, peyizan yo te mete yo dakò pou fòme yon kolektif, ki pote non Kolektif Peyizan Víktim Tè Chabè. Yo te fè eleksyon pou chwazi dis moun pamman yo pou fòme Komite a.

Kolektif la te chwazi lidè ki abite nan tout zòn kle ki afekte akoz Pak la, konsa chak lidè kapab mobilize manm ki abite tou pre li yo kote yo itilize metòd ki apwopriye ak zòn sa a (telefòn, pòt a pòt, anons nan legliz, teledyòl). Gwoup lidè sa yo, ki soti nan eleksyon, divèsif nan laj, nivo edikasyon, sèks ak fòmasyon yo pou rasire yo reprezante diferan bezwen ak enterè Kolektif la.

*Komite* ak Kolektif te konnen chèche reparasyon nan non peyizan yo, genyen ris pou pwovoke konfli sosyal nan de nivo: anndan Kolektif la, paske bezwen ak enterè manm yo pa menm; epi nan mitan rès kominote a, paske lòt gwoup ki afekte akoz Pak la pa te antre nan kad estrateji Kolektif la. Pou limite konfli, yo te adopte de mezi: yo te kreye komite pou antisipe oswa reponn a potantasyèl konfli ki te kapab genyen epi travay pou pa genyen okenn fòs kote; epi Komite ak AREDE te òganize yon kanpay sansibilizasyon kote yo te rankontre tout kalite moun nan sisyete sivil la, epi respekte prensip ki vize òganize rankont ouvè epi transparan.

Kolektif te defini prensipal demann li yo atravè yon pwosesis konsiltasyon ki te long anpil. Premyeman, *Komite* ki genyen dis moun nan te etabli yon lis demann kòm pwopozisyon ki baze sou yon seri gwo rankont an gwoup yo te fè avèk Kolektif la, men tou apati entèvyou endividiyèl yo te reyalize avèk 58 chèf fanmi, epi apati konsiltasyon avèk òganizasyon lokal ki nan kominote a. Aprè sa yo te finalize demann sa yo nan yon rankont ki te rasanble 210 manm Kolektif la, atravè deba ouvè epi aprè yo te mande patisipan yo pou vote (stil kokis) kote yo eksprime preferans yo

pou kèk solisyon pandan yo gwoupe yo ansanm nan yon kwen nan sal la. Yo te retire solisyon ki genyen pi piti sipò nan lis demann final la.<sup>9</sup>

Pou fè fas ak dezekilib pouvwa ki genyen ant peyizan yo ak gwo IFI, Kolektif la te pran yon dezisyon reflechi pou konstwi yon kowalisyon ki genyen konseye lokal, nasyonal ak entènasyonal. Konseye sa yo te pote espètiz espesifik yo genyen: nan mobilizasyon kominotè (òganizasyon Ayisyen ki pote non AREDE); rechèch faktiyèl ak kanpay pled-waye (ActionAid Haiti); epi nan domèn rezolisyon konfli ak pwosesis pou pote plent nan enstitisyon finansye yo se (Accountability Counsel). Kolektif la te mennen ankèt sou estateji legal yo men finalman te abandone yo pou plizyè rezon, pami yo mank konfyans yo genyen nan sistèm jistis lokal la, mank resous bò kote Kolektif la ak patnè li yo, epi akoz iminite ki pwoteje Enstitisyon Finansye entènasyonal kont tout pwosedi legal. Men, ActionAid te okouran sou egzistans mekanis pou pote plent ki pa lye avèk sistèm jistis la. Nan mitan ane 2016, li te kontakte Accountability Counsel pou konseye li sou posibilte ki genyen pou itilize yon estrateji konsa nan dosye sa a.



Reprezantan Kominote a ak Lani Inverarity ki soti nan Accountability Counsel ki ap fè prepasyon dosye pou jwenn reparasyon.

Kredi: Accountability Counsel

Manm Kolektif la te klè depi nan kòmansman pou di se yon dyalòg yo swete ki genyen kòm mwayen pou rezoud preyokipasyon yo genyen. Yo te vle genyen yon chans pou pale sou eksperyans yo dirèkteman avèk moun ki envesti nan Pak la epi avèk pwòp gouvènman peyi yo. Sa ki te pi enpòtan pou yo, se paske yo te vle genyen plas pa yo bò tab kote desizyon yo ap pran epi diskite yo. Fasilite yon pwosesis dyalòg atravè mekanis redisyon kont IDB la ap ofri toude opòtinite sa yo, avèk yon sèten nivo fòmalite kote Kolektif la te espere ki ap pwoteje peyizan yo fas ak enpak ki pi negatif dezekilib nan kesyon pouvwa kapab genyen, epi kreye kondisyon pou yon negosyasyon ki gen plis siksè. Malgre USAID te youn nan pi gwo enstitisyon ki te finanse CIP la, li pa te genyen yon mekanis redisyon kote yo te kapab rezoud plent konsènan domaj anviwònmantal ak sosyal yo.<sup>10</sup> Se pou sa, Kolektif la te chwazi depoze plent pou rezoud konfli a sèlman atravè IDB.

Nan dat 12 Janvye 2017, Kolektif la, avèk sipò AREDE, ActionAid ak Accountability Counsel, te depoze yon plent detaye devan Mekanis Endependan pou Konsiltasyon ak Envestigasyon (MICI) ki annan IDB pou mande kont ak reparsyon pou domaj yo te viktim akoz deplasman yo (Kolektif 2017). Plent lan te detaye tout preyokipasyon ki genyen konsènan enpak anviwònmantal ak sosyal fonksyonnan CIP la, tankou polisyon sous dlo ki vital pou yo ak presyon ki ap egzèse sou resous lokal yo akoz kantite travayè ki vini nan zòn nan. Soti Mas pou rive Jen 2017, MICI te vizite Ayiti (Pòtoprens ak Karakòl) epi yo te rankontre avèk Kolektif la, IDB epi gouvènman Ayisyen an plizyè fwa pou evalye elijibilité plent lan epi gade si li posib pou genyen yon pwosesis dyalòg. An Jen 2017, aprè IDB fin eksprime volonté pou patispe nan yon dyalòg avèk Kolektif la (gouvènman Ayisyen an te plis ezitan nan kòmansman), MICI te detémire pwosesis dyalòg la dwe kòmanse (MICI p.g.d). An Oktòb 2017, premye sou sis rankont ki te prevwa pandan dyalòg la te reyalize an Ayiti (yo chak te dire de jou) avèk reprezantan IDB, gouvènman ayisyen an, Kolektif la ak konseye yo. Gen avanse ki te rive fèt ant plizyè reyinyon fòmèl yo sou 19 aksyon pwovizwa yo te jwenn akò sou yo (MICI 2019). Pwosesis dyalòg sa te finalman debouche sou yon akò pati yo te jwenn an Desanm 2018.



*Kolektif la rakontre pou tande mizajou e bay komantè pandan pwosesis negosyasyon nan.*

*Credit: Accountability Counsel*

Patenarya ant Kolektif la, AREDE ak òganizasyon nan sisyete sivil la te esansyèl pou siksè pwosesis rezolisyon konfli a. Rive jwenn yon akò pa t yon bagay piti, epi pwosesis pou rive la pat yon bagay fasil nonplis. Sa ki pase sou tèren an montre avèk asistans òganizasyon lokal ak entènasyonal pou ekri plent epi swiv pwosesis mekanis pou redi-syon kont yo genyen plis chans pou plent kominote a depoze a abouti (konsilte Jaramillo 2023). Poutan, menm avèk sipò òganizasyon nan sisyete sivil la, pwosesis pou depoze plent devan mekanis pou rediksyon kont yo konn parèt fatigan. Nan kèk ka, genyen aksè epi swiv pwosesis la konn tèlman difisil, òganizasyon sisyete sivil yo ki tèlman gen anpil lòt pwoblèm y ap jere konn pèdi espwa nan pwosesis la (Accountability Counsel ak Arab Watch Coalition 2022).

# Yon akò ki make yon revolisyon?

Akò Desanm 2018 la reprezante premye plent fòmèl ki depoze kont yon bank devlopman entènasyonal ki abouti nan pwomès pou pote reparasyon bay kominote Ayisyen yo.<sup>11</sup> Se yon dosye ki differan nan sans pa genyen anpil IAM ki genyen estrikti ki ap fasilité moun jwenn reparasyon, oswa menm fè obligasyon pou sa fèt. Nan ka sa, Mekanis sa, bank lan epi Ayiti ki se peyi ki prete kòb la kontinye enplike nan pwosesis la pandan tout tan egzekisyon an ap fèt la. Patou nan mond nan, li se youn nan kèk egzanp kote kominote ki deplase rive itilize mekanis redisyón kont ki anndan IFI pou fè negosasyon pou jwenn tè ranplasman. Pou rive nan lane 2024, sou 208 plent ki te depoze nan mekanis redisyón kont yo ki te rive nan kèk tip angajman pou pote reparasyon, se sèlman kat ladan yo ki ofri nouvo tè pou kominote yo, epi se sèlman youn nan angajman sa yo moun konfime ki rive respekte (Accountability Console p.g.d). Menmsi ideyalman tout 422 fanmi ki nan Kolektif te vle resevwa tè pou ranplase sa yo te pèdi a, akò ki te negosye a te pwomèt sèlman yon moso tè pou 100 fanmi. Resevwa tè kòm opsyon reparasyon, menm pou kèk ladan yo, se yon konpwomi yo rive jwenn aprè gwo batay. Kolektif la te genyen kòm travay pou li prioyize 100 fanmi ki plis nan bezwen pami yo pou resevwa tè a. Finalman, akò a te pèmèt chak fanmi ki afekte chwazi youn nan kat opsyon sa yo:

- Tè
- Ekipman Agrikòl (pami yo ponp dlo a motè epi materyèl pou irigasyon)
- Finansman Ti biznis ak fòmasyon
- Bousdetid pou fòmasyon pwofesyonèl


Akò a te pwomèt lòt avantaj ankò. Chak fanmi anndan Kolektif te genyen opòtinite pou nome yon manm pami yo pou kapab travay nan CIP la. Chak fanmi te resevwa tou valiz ak kiteskolè, menm si bank lan te oblige ranplase 90 pou san valiz yo ki tèlman pa bon kalite kote yo te deja chire kèk jou aprè yo komanse itilize yo. Mete sou sa, IDB te pran angajman pou amelyorejesyon enpak anviwònmantal ak sosyal CIP la genyen jeneralman, tankou nan tretman dlo ki fin itilize yo, jesyon dechè solid epi amelyore enplikasyon kominote a nan sa ki ap fèt yo.

Siyen yon akò ki prevwa bay tè se te yon gwo akonplisman pou peyizan deplase ayisyen sa yo. Men akò a reprezante yon konpwomi ant pati yo, epi li pa non plis satisfè tout demann Kolektif yo oswa ba yo tout dwa yo merite daprè politik IDB yo.<sup>12</sup> Men afòs tan ap pase, li vin montre klèman siyati akò a se te sèlman kòmansman batay pou jwenn reparasyon an.

## Lit pou Egzekisyon akò a

Pati yo te kòmanse travay pou egzekite akò a an Fevriye 2019. Rive Oktòb 2019, Kolektif la te deside ki opsyon rep-arasyon chak moun dwe resevwa, epi anpil benefisyè te kòmanse resevwa opsyon yo te chwazi nan fen lane 2020 an—yon lane edmi aprè siyati akò a. Nan mwa dawout menm lane a, 63 fanmi te resevwa ekipman agrikòl yo te mande a. Twa mwa aprè, premye pati nan pwogram ti biznis lan te kòmanse avèk 172 fanmi. Rive nan fen ane 2020 an, 67 benefisyè te resevwa fòmasyon koup ak kouti pou sipòte yo nan potansyè anplwa yo nan CIP la.

**Figi 2. Apre akò a: Yon delè nan remèd pou fanmi caracol deplase yo**



Sepandan, genyen gwo defi ki afebli pwosesis egzekisyon lòt aspè nan akò a, obstak administratif nan egzekisyon opsyon tè a lakoz genyen gwo reta ki ogmante soufrans moun ki pi vilnerab nan Kolektif la. Anplis reta administratif yo, kriz sosyal, ekonomik ak politik ki pa sispann ogmante an Ayiti agrave sitiysyon an. Mete sou sa, malgre swivi ak pledwaye ki kontinye fèt bò kote Kolektif la ak konseye yo, pa genyen gwo pwogrè ki rive fèt pou rezoud enpak anviwònmantal ak sosyal negatif fonksyonnan CIP la genyen.

## Reta nan egzekisyon opsyon tè a

Jiska Novanm 2021—preske twa lane aprè siyati akò a—pa genyen youn nan 100 moun ki te chwazi tè yo ki te resevwa li. Youn nan gwo faktè ki koze reta nan opsyon tè a se pwosedi administratif byen long ki nesesè pou resevwa yon chèk nan men gouvènman ayisyen an pou achte tè ranplasman an. Premyeman, fanmi yo te dwe jwenn tè leta oswa prive ki disponib. Moso tè ki chwazi a dwe pase nan yon seri analiz biwokratik estrik ki enplike plizyè enstitisyon nan gouvènman ayisyen an. Aprè sa, chèk pou achte tè a, ki li menm dwe ofisyèlman genyen siyati Direktè ITE a, dwe delivre epi notarye an pèson. Sa ki lakoz, benefisyè tè yo souvan twouve yo nan yon sitiyasyon kote y ap tann pandan plizyè mwa pou resevwa chèk la aprè yo fin fè ITE konnen yo jwenn yon moso tè ki awopriye pou yo.

Pa te genyen okenn previzyon ki te fèt sou reta sa yo nan moman siyati akò a. Vann tè prive an Ayiti souvan pase nan yon pwosesis ki mwens fòmèl epi ki pran mwens tan san yon gwo enplikasyon leta, men pwosesis ki prevwa nan kad akò a soumèt moun yo anba yon analiz ki pi estrik pase jan lalwa peyi a prevwa sa.<sup>13</sup>

Reta nan distribisyon chèk la vle di moun yo espesyalman te nan goumen pou achte tè prive. Jan yon benefisyè te eksplike sa, pa genyen moun ki ap vann tè li an Ayiti sof si li genyen yon gwo pwoblèm ekonomik; vann tè se dènye rekou moun itilize lè yo pa kapab jwenn lajan kach menm kote a pou yon ijans yo genyen. Nan ka sa, pou anpil benefisyè tè ki te idantifye tè prive pou yo achte, akoz reta ki genyen nan pwosesis ITE yo, sa te lakoz pwopriyetè yo vann tè ak bay lòt moun ki gen lajan kach ki tou pare. Daprè kèk moun, sitiyasyon fristrasyon sa repete plizyè fwa.<sup>14</sup> Genyen yon moun ki te eksprime angwas li genyen konsènan tout reta ki genyen pou moun resevwa tè a: "Lè yo te pwomèt y ap bay tè a, mwen te genyen 50 an, men kounya mwen genyen 55 an epi mwen pa kapab fè menm aktivite mwen te konn reyalize avan yo." Reta senk lane sa, vle di genyen mwens kapasite fizik pou kiltive tè a, epi li p ap kapab byen itilize tè sa kòm yon sous revni.

Enkonsistans ki genyen nan dosye ITE genyen nan men li yo reprezante yon lòt baryè administratif pou benefisyè tè yo. Malgre Kolektif la chwazi 100 moun pou resevwa tè, yo te remake an 2022 se sèlman 97 ki te anrejistre nan dosye gouvènman ayisyen an. Nan moman sa, te deja genyen gwo reta nan jesyon opsyon tè a, sa ki lakoz anpil moun abandone opsyon sa epi chwazi yon lòt opsyon nan plas li.

Men omwen pou youn nan fanmi yo te mete deyò yo, pwomès yon tè te bay yo fo espwa epi sa te enspire desizyon yo ap pran nan vi yo ki baze sou yon reyalite ki p ap janm vini. Fanmi an te planifie sou fason konpansasyon an t ap ede yo: Mondesir<sup>15</sup> te chwzai ponp dlo, epi madanm li te chwazi opsyon tè a. konsa, yo t ap genyen alafwa tè epi mwayen irigasyon—sa ki se yon gwo amelyorasyon paske pifò kote se lapli y ap tann pou wouze tè yo an Ayiti. Men sanzatann madanm Mondesir tonbe li mouri aprè plizyè ane li t ap batay avèk maladi sik. Opsyon tè ta dwe ale jwenn pitit madanm li yo, men lè youn nan pitif fi yo tante reklame dwa pou jwenn tè a, li jwenn yo pa te mete non manman li sou lis benefisyè ki kalifye ki nan men gouvènman an. Depi ane 2022, Mondesir ap lwe tè pou li kapab itilize ponp li te resevwa a. Men akoz kriz gaz ki toujou genyen an, gaz la vin chè epi li difisil pou jwenn li. Finalman, Mondesir twouve li nan yon sitiyayon kote li ap eseye itilize ponp lan men li pa genyen gaz, epi sou yon tè ki pa pou li.

Reta nan bay reparasyon yo poze yon pakèt gwo pwoblèm pou moun ki deplase yo. Premyeman, li pwolonje kondisyon yo kòm moun ki pa posede tè. Tè se souvan sèl sous revni peyizan Ayisyen yo; san li, yo pa genyen anpil mwayen pou jenere revni. Reta nan bay tè a—oswa yon lòt sous revni—plonje fanmi yo nan plis sitiyasyon ekonomik difisil toujou. Dezyèmman, reta nan bay tè a anpeche fanmi yo pwodui pwòp manje yo. Ogmantasyon depandans yo nan achte pwodui pou yo manje rann yo plis vilnerab toujou fas ak chòk ekonomik tankou sa Ayiti te konnen pandan moman egzekisyon akò a. Finalman, reta yo gen tandans pou afekte plis toujou moun ki te deja pi vilnerab yo. Nan dosye Karakòl la, Komite a te oblige deside pou chwazi 100 fanmi ki plis nan bezwen yo pou resevwa tè atravè pwosesis la. Efè negatif reta pou rive jwenn tè a genyen se agravasyon inegalite ki genyen nan mitan Kolektif olye pou li ta redui li.

Pandan egzekisyon opsyon tè a t ap make pa sou plas an 2019 epi 2020, kondisyon politik ak ekonomik yo te deteryore anpil, sa ki pral pi devan redui nan vitès egzekisyon an t ap mache. Menm si vyolans gang yo pa souvan twò pre zòn riral nan nò peyi Dayiti, men efè jeneral li genyen sou yon peyi kote kondisyon sekirite yo ap degrade ak yon ekonomi ki paralize afekte alafwa lavi moun yo chak jou men tou efikasite akò a parapò ak mezi ki prevwa kòm reparasyon yo. Patikilyèman, rate ak ogmantasyon pri gaz lakoz pri pwodui moun manje pa sispann monte. Avèk manifestasyon kont administrasyon Jovenel Moïse la ki te debouche sou estrateji *peyi lòk* la, bloke transpò epi gmante pri pwodui pou rive tèt syèl. An 2022, gang ame te pran an otaj prensipal tèminal gaz nan peyi a aprè yo te fin anonsé pri gaz la pral genyen gwo ogmantasyon sou pri gaz la. Sa te vin lakoz gaz la pa te vin sèlman chè, men li pa te disponib non plis. Ogmantasyon enflasyon ak rate gaz, yon lòt kote, te afekte efikasite kèk nan opsyon repasyon yo. Kòm egzanp, benefisyè ki nan opsyon ti biznis yo pa t kapab achte pwodui pou yo vann. Pi lwen, moun ki te resevwa ponp dlo nan akò a pa t kapab alimante ponp yo pou irige tè yo, paske gaz la pa t aksesisb.

## Defi yo rankontre nan akonplisman angajman sou plan anviwònmantal ak sosyal yo

Jiska jodi a, anpil nan angajman IDB te pran pou amelyore enpak anviwònmantal ak sosyal fonksyonnan CIP la genyen toujou poko antre an aplikasyon. Kolektif la te kontinye eksprime preyokipasyon li genyen konsènan pratik pak endistriyèl la nan kad tretman dlo ki fin itilize yo ki pa adapte epi ki kontribye nan polisyon sous dlo ki vital pou kominate a, tankou nan Rivyè Twoudinò. Yo pè tou pou pil fatra ak dechè solid CIP la pwodui, fatra yo souvan boule, kontinye reprezante ris pou anviwònman, sante, epi pou li pa pwovoke dife nan kominate ki antoure li yo. Te déjà genyen yon pakèt enpak sosyal ki se preyokipasyon ki dwe déjà rezoud sa fè plizyè lane, soti nan kondisyon travay anndan CIP la, pou rive nan enfrastrikti yo ki ap soufri akoz ogmantasyon popilasyon lokal la, an gran pati akoz posibilité pou moun yo jwenn travay nan CIP la. Malgré yo ap viv enpak sa yo, Kolektif la pa genyen anpil opòtinité pou fè tandem doleyans yo, epi yo pa resevwa ase enfòmasyon konsènan jefò ki ap fèt oswa plan ki genyen pi devan pou fè swivi oswa redui enpak sa yo.

## Enpòtans ki genyen nan fè swivi sou egzekisyon an

Swivi kontini sou egzekisyon akò a te pèmèt aktè yo rekonèt epi pote repons a reta yo rankontre. Swivi li te fèt nan plizyè nivo depi ane 2019: nan nivo mekanis redisyón kont lan (MICI), bò kote defansè entènasyonal, ak reprezantan kominate a yo menm.

MICI genyen manda pou sipèvize egzekisyon akò a atravè yon pwosesis rezolisyón konfli ki dire jiska senk lane (MICI 2014). Sepandan, nan dosye sa, senk ane yo pa te sifi pou egzekisyon tout akò a, epi se pou tèt sa MICI te fè yon demann fòmèl pou pwolonje swivi li ap fè a pou yon lòt ane ankò. Travay swivi MICI a te pèmèt li reyalize vizit sou sit pwojè yo, entèvyouve aktè ki enplike nan akò a, epi rasanble enfòmasyon nan men lòt aktè pwojè sa konsène. Li prepare rapò sou swivi yo pou pi pití yon fwa chak ane pou li soumèt bay Konsèy Administrasyon IDB, rapò ki pral bibliye aprè sa sou sit entènèt MICI. Biblikasyon rapò ekri sa yo te bay Kolektif la mwayen pou li motive gouvènman ayisyen an pou li fè pwogrè nan aplikasyon akò a : aprè MICI fin reyalize plizyè vizit swivi nan Karakòl, li te bibliye yon seri rapò ki montre preske twa lane aprè siyati akò a, pa genyen okenn fanmi yo te pwomèt tè ki te rive resevwa li. Avèk rapò sa yo, Kolektif la ak konseye li yo te rive mete presyon sou IDB pou li poze kondisyon avan li ta bay gouvènman ayisyen lòt finasman pou Pak la si sèlman yo pèmèt pou pi pití dis fanmi jwenn tè (IDB 2021).

Konseye entènasyonal yo te jwe yon wòl esansyèl nan swivi ki t ap fèt sou enpak akò a genyen sou mwayen sibzistans peyizan yo. Etid sa Accountability Counsel t ap reyalize te vin jwenn sipò adisyonèl nan kad travay Scott Freeman sou dosye a. Aprè 422 fanmi deplase yo te chwazi pamí kat opsyon yo an 2019, konseye yo te rive entèvyouve yon echantyon 28 moun pou etabli yon liy debaz konsènan kondisyon ekonomik ak sosyal moun sa yo. An 2021 epi

2022, yo te reyalize lòt entèvyou pou fè swivi nan lide pou evalye enpak reparasyon ki te bay genyen ak chanjman ki rive fèt sou mwayer sibzistans moun yo. Menm si premye konvèsasyon yo te fèt an pèsonn, entèvyou swivi yo te fèt nan apèl telefòn/Skye akoz pandemi an epi kriz sekirite a an Ayiti.


Entèvyou Accountability Counsel ak Scott Freeman yo revele nivo ak enpak reta nan egzekisyon genyen, epi konsittyè baz pou ogmante presyon sou IDB ak gouvèman ayisyen an pou yo avanse avèk egzekisyon an. Seri entèvyou ki te reyalize nan kad swivi nan moman gwo kriz gaz ki te genyen nan fen 2021 epi kòmansman 2022 a te montre egzekisyon an te pratikman kanpe, epi montre kondisyon lavi benefisyè yo te deteryore sou tout yon seri endikatè. Men nan ki domèn moun ki te pase entèvou te patikilyèman eksprime preyokipasyon yo genyen:

**Manje:** Menm si pifò nan patisipan yo te fè konnen yo manje de fwa pa jou avan yo te deplase, chif sa te bese anpil nan fen ane 2021 epi kòmansman 2022. Genyen moun ki fè konnen yo manje an mwayenn yon ti kras plis pase yon fwa chak jou: "Lè li posib, mwen konn manje yon fwa chak jou. Men pa de fwa" San tè pou pwodui manje, yo kapab konte sèlman sou manje yo ap achte. Pandan entèvyou yo, divèsite pwodui yo konsome yo redui akoz moun ki konsome manje debaz tankou mayi ak diri empòte ki soti Etazini, sa ki vin tounen prensipal manje moun konsome an Ayiti (Cohen 2013). Akoz enflasyon ak pri gaz ki pa sispann ogmante, pwodui alimantè empòte yo menm tou vin pi chè toujou. Fanmi ki nan goumen pou jwenn manje yo, souvan rasire yo se timoun yo ki manje avan, sa ki vle di gramoun ki nan fanmi yo oblige rete grangou.

**Revni:** Genyen yon revni te toujou yon batay kontini pou anpil nan benefisyè yo, patikilyèman pou sa yo ki nan pwogram ti biznis lan. Genyen yon patisipan ki deklare lajan yo ta bay pou envesti a te jis disparèt rapidman: "*Mwen te resevwa lajan epi kòmanse yon ti biznis kote mwen t ap vann sirèt, savon, pen. Men tout benefis mwen te fè nan biznis lan mwen te oblige itilize li [pou konsomasyon]. Pa genyen anyen ki rete.*" Yon lòt benefisyè nan pwogram ti biznis la te gen entansyon pou itilize pa li a pou li achte epi vann pwodui kosmetik. Men olye li itilize lajan pou li monte yon ti biznis, li fè konnen an Jiyè 2022 akoz kontèks gwo kriz ekonomik la, li te itilize fon an pou depans nan kay la tankou manje epi voye timoun lekòl. Li menm ak lòt moun yo te oblige tounen nan fè chabon ankò. Se te yon estrateji pou jenere revni ki te itilize sèlman pou moun ki plis nan nesesite ekonomik yo, epi pèmèt moun ki ap fè chabon yo jwenn yon ti fon (Tarter et al. 2018). Akoz yo pa genyen tè kote yo te kapab plante, moun yo te itilize fon an pou bezwen elemantè yo genyen, epi oblige chèche ti djòb pou yo rive soutni fanmi yo.

**Travay:** opòtinite pou jwenn travay nan Pak la te fè pati ansanm mezi reparasyon ki te prevwa pou fanmi yo, menm si travay la pa te pote bon jan pwofit pou anpil ladan yo. Premyeman, li te difisil pou moun yo rive jwenn travay nan pak endistriyèl la, paske yo dwe toujou pase nan yon pwosesis seleksyon administrasyon pak la ap jere. Sitiyasyon an te amelyore lè Kolektif la te reyisi fè pledwaye pou IDB ak ITE te pèmèt moun yo jwenn travay atravè yon pwogram fòmasyon nan CIP la, sa ki te ogmante pouvantaj moun ki ap travay epi pèmèt patisipan yo jwenn travay espesyalize. Menm avèk sa, pouvantaj moun ki benefisyè travay nan CIP la toujou rete ba anpil; rive nan kòmansman ane 2024 la, se sèlman 70 moun ki anplwaye aktyèlman. Sepandan, Kolektif la ap fè presyon pou genyen yon lòt seri fòmasyon sou koup ak kouti, epi nan kad yon gwo konsesyon li fè, IDB te asepte òganize yon lòt seri fòmasyon pou ane 2024 la

Dezyèmman, moun ki te jwenn travay yo pa t twouve konpansasyon sa ede yon avanse ekonomikman. Yon moun nou te entèvyouve te genyen yon frè li ki ap travay, men li deklare lajan te jis itilize pou peye manje nan pak la, men pa pèmèt yo ede yon fanmi ki genyen anpil moun ladan li. Mete sou sa, moun ki te jwenn travay yo fè konnen travay la difisil anpil, yo site move kondisyon travay yo, asèlman seksyèl, epi salè ki ba anpil (Zabludovsky 2022). Youn nan patisipan yo fè konnen moun ki wo plase yo, ki se pifò sipèvizè etranje ak ayisyen, pa byen trete anplwaye yo, pafwa yo tèlman rive lwen yo trete yo kòm "esklav" epi pa genyen yon veritab sendika pou fè tandem preyokipasyon yo.



Yon anplwaye ki ap kite Pak Endistryèl Karakòl la

Kredi: Accountability Counsel

## Fonksyone nan yon kontèks kriz

Kontèks kriz ekonomik ak politik an Ayiti te jwe yon wòl enpòtan nan afekte egzekisyon akò a. Men se pa sèlman an Ayiti ki genyen monte otoritaris ak kriz ekonomik ak politik. Nan plizyè fason, Ayiti pa diferan avèk lòt kontèks kote Enstitisyon Finansye entènasyonal yo finanse megapwojè ki pote chanjman nan kesyon tè, pwopriyete ak relasyon sosyal yo. Afeblisman enstitisyon leta ki pa reponn a bezwen oswa dwa sitwayen yo se yon royalite politik nou jwenn nan anpil peyi kote IFI yo ap opere. Finalman, pwosesis redisyon kont anndan Enstitisyon yo dwe konsidere kontèks sa yo, epi kijan reta nan founi reparasyon yo kreye lòt enpak ankò sou lavi ak mwayen sibzistans moun ki afekte akoz pwojè yo finanse.

# Leson nou aprann nan kesyon Redisyon kont

Aprè ane 2022, egzekisyon akò a te rekòmanse fè kèk pa an avan. Te genyen pwogrè ki fèt, men genyen kèk fanmi ki toujou poko genyen aksè a reparasyon yo. Pami 100 fanmi ki te chwazi tè, se sèlman 97 gouvènman ayisyen an konsidere ki kalifye pou resevwa li. Pami yo, se sèlman 50 ki deja resevwa tè. Anpil nan benefisyè yo te resevwa semans ak zouti avan sezón plantasyon an pou ane 2023 a, ki se, daprè yo menm, yon gwo avantaj pou yo. Te genyen 16 lòt fanmi ki te nan wout pou jwenn tè pou rive nan kòmansman ane 2024 la, nan moman demisyón Premye Minis Ariel Henry, epi batay pou pouvwa ant aktè politik yo, epi gang yo tou, yon sitiyasyon ki te paralize peyi a yon fwa ankò. 31fanmi ki te rete pou jwenn tè yo te abandone opsyon an akoz reta ki te genyen, epi yo te chwazi swa opsyon ekipman oswa ti biznis. Nan menm moman an, gen 26 lòt fanmi ki te resevwa ekipman agrikòl, epi yon dènye gwoup moun dwe patisipe nan yon pwogram ti biznis ki planifye pou ane 2024 la, menm si li pa klè pou konnen kilè, oswa si, pwogram sa ap reyalize lè nou konsidere kriz ki genyen aktyèlman. Deteryorasyon sitiyasyon politik la te kontinye afekte zòn riral yo, avèk pri gaz ak manje ki pa sispann ogmante akoz kontwòl gang yo ap egzèse.

Genyen anpil lesón lòt kominate ak defansè dwa moun ki anvizaje itilize mekanis rezolisyón konfli ki egziste annan IFI yo kapab aprann nan lit kontini Kolektif la te mennen pou genyen kont ki rann epi jwenn reparasyon pou domaj yo te viktim; men kèk lesón nou kapab jwenn pi ba a.

## **Leson 1: Siyati yon akò se pa fen pwosesis la, men kòmansman yon lòt lit.**

Nan domèn sa sa ki relativman nouvo ki se mekanis redisyón kont ki pa lye avèk sistèm jistis la ki egziste annan enstitusyon finansyè yo, jwenn yon akò souvan prezante kòm objektif final rezolisyón konfli yo, epi yo kapab menm kalifye li kòm yon rezolisyón ki reyisi atravè mekanis redisyón kont lan, (konsilte, kòm egzanp World Bank Accountability Mechanism 2023). Men an reyalite, li t ap pi jis pou konsidre akò a kom yon dokiman ki defini yon pwosesis kontini pou jwenn reparasyon.

Travay moun ki pote plent ak defansè entènasyonal yo pa t fini avèk siyati akò a, yo oblige travay pi di toujou pou rasire yo tout pati nan akò a egzekite. Defansè yo dwe planifye nan sans sa pou travay long ki rete pou fè a pou garanti se moun ki nan bezwen yo ki rive jwenn reparasyon an.

Natirèlman moun konn tante konsidre akò a kòm yon pwen final, paske fòk ou travay di pou rive jwenn li. Sa se yon bagay ki patikilyèman vrè pou kominate ki afekte akoz yon pwojè, ki kontinye ap sibi enpak negatif pwojè a menm si yo ap patisipe nan yon pwosesis redisyón kont.<sup>16</sup> Menm si jwenn yon akò se yon etap enpòtan ki merite selebrasyon, men veritab kalandriye yon pwosesis rezolisyón konfli ale pi lwen pase faz negosyasyon epi akò a.

Jeneralman, faz negosyasyon nan pwosesis rezolisyón konfli a genyen yon tan limite. Daprè règleman MICI ki aplike nan dosye Karakòl la, negosyasyon yo te dwe fini nan yon delè 12 mwa (menm si delè sa te pwolonje rive 18 mwa san okenn objeksyon). Men sou bò pa li, pou kalandriye egzekisyon akò a, se Konsèy Administrasyon IDB ki detèmine li daprè ka ki prezante a.

Sepandan, espryans yo montre pati ki responsab egzekisyon an souvan pa respekte delè ki fikse yo. Akoz kontrent legal ki pa genyen, aktè ki genyen enfliyans sou kliyan an dwe envante lòt altenativ fas ak echèk ki genyen nan egzekisyon an. Pami aktè sa yo, kapab genyen IFI yo, ki kapab egzèse presyon nan pi «wo» nivo, men tou moun ki pote plent ak defansè yo nan nivo ki pi «ba» (Fox 2015).

Enstitisyon finansyè yo kapab enpoze gwo presyon sou kliyan rekalsitran yo, tankou kanpe finansman pwojè ki ap egzekite a, sanksyon epi/oswa mete yo sou « lis nwa » ki ap anpeche yo jwenn prè pi devan, ak lòt rekou ki konsène kontra yo genyen.<sup>17</sup> Pou kominate ak defansè dwa moun yo, youn nan mwayen yo genyen se òganize kanpay nan medya pou sansibilize publik la, sa ki reprezante yon menas pou repitasyon kliyan an. Sepandan, pouvwa kominate a genyen pou « denonse » kapab limite akoz plizyè faktè, tankou akò konfidansyalite nan kad pwosesis rezolisyon konfli a, ris reprezay ak mank reyakson bò kote gouvènman fas ak preyokipasyon kominate a. Nan dosye Karakòl la, tout faktè ki kreye limit sa yo te prezan.

Pou konplike bagay yo plis toujou, enstitisyon finansye puisan yo kapab pa twò vle fè presyon sou gouvènman ki se kliyan yo pou yo egzekite akò sou reparasyon yo, sof si domaj ki koze yo kapab reprezante yon ris pou repitasyon enstitisyon finansye a. Se pou sa kominate ak defansè yo dwe itilize yon apwòch pledwaye ki genyen plizyèaspè ladan: egzije pou kliyan yo respekte angajman sou reparasyon yo ; ankouraje enstitisyon finansye yo itilize pwòp mwayen presyon yo genyen epi ofri yon sipò teknik oswa finansye pou founi reparasyon yo ; epi egzèse presyon publik.

## **Leson 2: Swivi ak pledwaye kontini se eleman esansyèl pou akò pou reparasyon ki prevwa yo egzekite.**

Reyisit egzekisyon mezi reparasyon yo depann de swivi ak sipò dirab bò kote defansè yo epi tou bò kote mekanis redisyon kont ki te facilite akò a.



Komite te jwenn sipò konseye lokal ak entènasyonal li yo pandan chak rankont pandan dyalòg la.

*Kredit: Accountability Counsel*

Mekanis redisyon kont yo kapab jwe yon wòl enpòtan nan veye pou enstitisyon finansyè yo genyen enfòmasyon endepandan sou dewoulman egzekisyon, olye yo repoze yo sèlman sou deklarasyon kliyan yo a. Dosye Karakòl la, otorite MICI genyen pou li sipèvize egzekisyon an yon fason endepandan te jwe yon wòl vital nan fè gouvènman ayisyen an reyalize pwogrè, espesyalman sou kesyon tè a. Epi tou nan òganize rankont swivi regilye ant ITE, IDB, ak Komite a, MICI te gen kapasite pou facilite komunikasyon epi rezoud pwoblèm, eleman ki te nesesè pou egzekite yon akò konplike pandan plizyè lane. Estati endepandan MICI genyen, avèk prezans yon medyatè, te pèmèt Komite a patisipe nan rankont swivi yo avèk yon pi gran konfyans nan pwosesis la epi pèmèt bon jan pwogrè rive fèt.

Menm si mekanis redisyon kont endepandan tankou MICI founi estrikti ak espas nesesè pou fè swivi, aksyon yo poze sèlman pa kapab pèmèt yo egzekite mezi reparasyon yo. Defansè ak viktim pwojè devlopman yo dwe prè pou reyalize pwòp swivi pa yo epi piblilye rezulta yo jwenn atravè kanpay medyatik yo, pou fè presyon alafwa sou mekanis redisyon kont yo men tou sou IFI yo dirèkteman.

Ankèt Kolektif la ak konsèye entènasyonal yo te esansyèl pou konprann enpak reta yo ak rann publik difikilte moun ki deplase yo ap viv genyen. Kòm egzanp, konprann enpak negatif reta pou resevwa tè a genyen sou sekirite alimanè se yon done ki enpòtan anpil. Biblikasyon rezulta sa yo yon fason endepandan atravè kanpay medyatik ekstèn pandan senk ane ki sot pase yo te ede nan mete presyon alafwa sou MICI ak Konsèy administrasyon IDB pou pèmèt pwogrè fèt nan egzekisyon an (Bojarski 2022; Welsh 2022; Zabludovsky 2022).

### **Leson 3: Akò sou reparasyon yo dwe konsidre posibilité pou genyen difikilte pandan egzekisyon an.**

Youn nan gwo defi ki ka anpche akò Karakòl la efikas se fòm konpansasyon ki ofri yo se konpansasyon ki depann finalman de stabilite global ekonomi nasyonal la. Ti sibvansyon pou fè biznis la mande pou genyen yon klima ki estab pou fè biznis pou pwoteje revni yo parapò avèk envestisman ki fèt nan pwodui yo. Pong irigasyon yo mande pou genyen gaz pou fè yo mache. Nan toude ka sa yo, ralantisman ekonomi an fè chak nan opsyon sa yo genyen mwens valè pou benefisyè yo. San lòt filè sekirite, sibvansyon pou biznis yo te itilize pou kouvri depans elemantè yo, epi ogmantasyon pri gaz ak blokaj tèminal gaz yo rann gaz yo pa disponib pou fè irigasyon.

Se pou rezon sa, konpansayon nan kontèks Ayiti a ta dwe genyen objektif pou ranphase lajan moun yo te pèdi a yon fason kote yo pa te prevwa ap genyen yon klima stabilite men pito ki t ap pèmèt fanmi yo rejwenn resous pou yo kapab reponn a bezwen yo. Pèmèt moun yo jwenn tè kòm konpansasyon se youn nan etap nesesè men ki pa sifi pou rive abouti a sa. Rapidite se finalman yonaspè kle: avèk deteryorasyon kondisyon politik ak ekonomik yo, moun ki te pèdi kapital yo pa te genyen anyen yo kapab konte sou li pou afwonte chòk ki kontinye ap vini yo.

Anpil nan reta nou rankontre yo te genyen rapò tou avèk pwosedi administratif yo. Kolektif la, konseye yo oswa IDB pa te mezire nivo obstak yo t ap genyen pou yo rankontre pou jwenn tè ranplasman an nan moman yo t ap siyen akò a. Yo te kapab evite anpil nan reta ki te genyen nan kòmansman egzekisyon an si pati yo te kapab mete yo dakò pa sèlman sou fòm reparasyon yo, men tou sou pwosesis moun yo te dwe swiv pou rive jwenn sa. Lè nou konsidre pwosedi administratif konplèks ki previzib lè w ap travay avèk gouvènman, mekanis redisyon kont ak IFI yo dwe atann yo sa ap rive—epi dwe genyen fleksibilité nesesè pou afwonte yo—kòm yon pati nan facilite reparasyon an.

Pandan dis dènye ane ki sot pase yo, Ayiti te konnen plizyè katastwòf natirèl ak dezintegrasyon politik, men poutan kondisyon ki rann opsyon reparasyon mwens itil se kondisyon moun kapab jwenn nan anpil ekonomi ki asepte prè nan men IFI yo. Avèk bank yo ki ap chèche ogmante operasyon yo nan zòn frajil epi ki afekte akoz konfli, li esansyèl pou yo konsidre jan li vin pi konplèks pou repare domaj pwojè yo ap finanse yo koze nan kontèks sa yo.<sup>18</sup> Akò reparasyon yo ta dwe evolye pou ale nan yon konpansasyon ki konsidere posibilité pou genyen enstabilite ekonomik ak politik. Lè yo rekonèt posibilité sa yo, konsa y ap kapab pote konpansasyon an plis pou reta yo, sa ki kapab kontribye nan pouse egzekisyon an pou li ale pi rapid (epi fèt nan totalite li).

# Konklizyon

Akò Desanm 2018 la te genyen entansyon pou restore mwayen sibzistans Kolektif la epi pote koreksyon nan konpansasyon ki pa te adapte yo te resevwa premye fwa nan moman yo t ap deplase a. Men pou plizyè rezon, pwose-sis pou bay konpansasyon sa pa te fèt rapid ni ale twò lwen. Lè fanmi yo te pèdi tè yo a, yo te pèdi kapital yo epi kapasite pou pwodui alafwa manje epi revni apati yon resous yo te posede. Separasyon yo avèk tè a te genyen gwo konsekans sosyal : separasyon nan rezo sosyal ak familyal moun yo te kapab konte sou yo, epi relasyon yo te genyen avèk tè a akoz yo t ap viv sou tè sa pandan plizyè jenerasyon. Travay pou yon salè, prè pou ti biznis ak ekipman agrikòl pa te pèmèt peyizan yo restore sa yo te pèdi lè pak endistriyèl Karakòl la te deplase yo a. E menm fanmi ki te resevwa tè ranplasman yo twouve yo te nan yon sitiyasyon kote yo nan gwo nesesite pandan ane ki sot pase yo soti lè yo te deplase a pou rive nan moman yo te achte tè a.

Reyalite defi sa yo pa dwe kache verite sa : pou 422 fanm peyizan nan zòn riral an Ayiti rive òganize tèt yo, antre nan relasyon avèk kèk patnè entènasyonal epi rive jwenn yon akò pou pote reparasyon se yon gwo akonplisman moun pa panse ki te posib.



Kolektif la ak konseye yo ki ap selebre aprè yo fin asepte akò a.

*Kredi: Accountability Counsel*


Li toujou difisil pou jwenn reparasyon pou domaj aktè etatik oswa entènasyonal yo komèt, pamì yo IFI yo. Nan peyi kote sistèm jistis la pa fyab, posibilité pou jwenn reparasyon atravè mekanis redisyon kont tankou MICI se yon altènativ enpòtan fas ak pwosedi jidisyè fòmèl yo. Mete sou sa, kontrèman avèk yon aksyon devan lajistik, rezolisyon konfli atravè yon mekanis redisyon kont pèmèt moun ki afekte yo patisipe dirèkteman nan negosyasyon pou jwenn reparasyon pou domaj yo te sibi a.

Sepandan, dosye sa montre batay pou jwenn reparasyon an pa rete nan moman yo jwenn (siyati) yon akò. Dwe genyen pledwaye ak swivi kontini pou rasire yo IFI ak gouvènman ki se kliyan an respekte efektivman sa ki prevwa nan kad reparasyon an. An Ayiti, san swivi kontini Kolektif la ak patnè li yo, anpil peyizan pa t ap resevwa sa ki te prevwa pou yo nan akò a ditou.

Nan kòmansman ane 2024, fanmi ki te toujou ap tann reparasyon pa te pèdi espwa. Komite a te kontinye rankontre avèk MICI epi IDB, epi li te kontinye eksprime atant li genyen konsènan egzekisyon dènye pati ki rete nan akò a. Yo montre li posib pou korije sitiyasyon an, menm si chemen an long epi difisil. Tout tan kominote ki afekte a swete kontinye chèche reparasyon yo merite, defansè yo ap rete—epi dwe rete—angaje nan pwosesis la bò kote kominote a.

*Nou konsidere akò a kòm yon viktwa, paske se premye fwa yon bagay konsa rive fèt. Men sa ki sou papye a se sa nou te swete a, men egzekisyon an se yon lòt bagay.*

*Milostène Castin, Kòdonatè AREDE*



*Kredi: Accountability Counsel*

# Remak

1 Pou yon rezile akò a, konsilte Accountability Counsel (2018). Konsilte tou MICI (Independent Consultation and Investigation Mechanism) (2019).

2 Pou jwenn tout dokiman plent lan an antye, konsilte *Kolektif* (2017). Pou plis enfòmasyon konsènan jan MICI trete plen yo, konsilte MICI (2017).

3 Bè Karakòl la fè pati Pak Nasyonal Twa Bè yo, ki se yon inisyativ konsèvason nan lide pou pwoteje epi restore diferan espès bêt ki nan lanmè nan nò peyi Dayiti. Gouvènman Ayisyen an te ofisyèlman anonse kreyasyon Pak la nan dat 9 Oktòb 2013.

4 Konsilte Beaubien (2013). IDB te fè previzyon pou mwens djòb: 40,000 (IDB 2012).

5 Estimasyon IDB ak ITE konsènan kantite deplase yo varye ant 366 fanmi pou rive 422 fanmi, kote chak fanmi genyen an mwayenn 8 moun. Pandan yo pwosesis verifikasyon ki fèt pandan dyalòg la, yo te idantife 442 fanmi ki afekte, ki nan konstitye lis benefisyè akò Desam 2018 la.

6 Evalyasyon sou enpak anviwonmantal ak sosyal yo (ESIA) te yon fason endepandan asepte se te yon tè ki "tré fètil" (Koios Associates 2011, 27), epi asepte "aktivite ekonomik ki ap fèt sou sit pwojè a epi sou kote li kapab konsidere kòm agrikilti sibzistans... [kote yo estime] 50% nan pwodui yo vann nan mache epi yo konsume 50%" (Koios Associates 2011, 96), epi kominate sa yo "kapab trè vilnerab fas ak chanman sosyal estèn" (Koios Associates 2011).

7 Plan Aksyon pou Relokalizasyon an (RAP) ak Liy debaz la you toude rekonèt "fèmti pwovizwa" sit la (Ministè Ekonomi ak Finans 2011). RAP a fè konnen: "Pwojè a te kòmanse ofisyèlman nan dat 4 Janvy 2011. Jiskadat [Sept. 2011]: enstalasyon klito tanporè ki delimité 246 ekta yo te finalize ..." (ibid. 14) epi "depi yo te fin poze kloti pwovizwa yo ak ajan sekirite yo ki te vini dènyeman la sou sit la, genyen limit nan fason moun te konn sikile nan tout libète" (ibid. 24). Konsilte Liy debaz la nan Anèks 1 dokiman Plan Aksyon an (RAP) (ibid. 39), ki te kalkile pèt revni yo apati Janvy 2011.

8 Sou sa ki konsènen rediksyon kont pou aktè ki pa nan leta an Ayiti, konsilte Wisner ak Concannon (2023).

9 Pandan deba jeneral yo, aktè yo te dakò pou genyen nouvo konpansasyon ki jis ki bay epi yon menkanis verifikasyon pou moun ki pa te resevwa tout konpansasyon yo t ap fè pati demann yo. Epi tou, avèk sistèm vòt kokis la, yo te mande moun yo mete yo an gwoup daprè opsyon yo prefere, pami (1) tè oswa kay pou yo lwe; (2) plan devlopman lokal ak kolektif; (3) edikasyon pou timoun yo; (4) travay nan pak endistriyèl la. Aprè yo te mande gwoup say o pou chwazi yon dezyèm opsyon pami twa (3) lòt ki te rete yo. Sa te montre yon sipò ki relativman egal pou twa premye opsyon yo, pandan genyen senk (5) moun sèlman ki te entèrese a travay nan pak endistriyèl la kòm yon dezyèm opsyon (men pa gen okenn moun ki te mete l kòm opsyon prefere). Finalman yo te retire demann sa nan lis demann final yo.

10 Mankman nan domenn rediksyon kont anndan USAID ap disparèt piti piti: an 2020, Kongrè Etazini an te vote yon lwa (konsilte Day 2021) ki egzije pou USAID mete kanpe yon mekanis rediksyon kont endepandan. Jiska ane 2024 la, mekanis sa toujou nan estad pilot.

11 Pi Iwen, sa pa fèt fasil pou Enstitisyon fiansye Entènasyonal yo (IFI) patisipe nan pwosesis dyalòg Mekanis rediksyon kont endepandan yo (IAM) ap òganize oswa pou siyen yon akò final ki jwenn.

12 Pou yon rezile akò a, konsilte Accountability Counsel (2018). Konsilte tou MICI (2019).

13 Yon apwòch estrik sou verifikasyon ki dwe fèt nan kesyon pwoblèm tè an Ayiti ki tout jistikasyon li, kote posede tè yon fason enfòmèl e san okenn garanti se yon pratik ki gaye anpil nan peyi a. Konsilte Smucker et al. (2000).

14 Menm si li pi fasil pou idantife epi achte tè leta, men li genyen lòt dezavantaj. Jan nou te di sa pi wo a, gouvènman yo te souvan ap akapare tè nan nò peyi Dayiti. Mete sous a, moun ki benefisyè tè leta yo dwe peye yon frè pou itilize tè sa pou tout lavi yo.

15 Yon fo non pou pwoteje idantite moun nan.

16 Menm si kék mekanis rediksyon kont genyen otorite pou rekòmanse sispanson pwojè ki menase domak anviwonmantal oswa sosyal ki pa raparab, pa genyen okenn nan yo ki genyen obligasyon pouf è sa, epi pa genyen okenn enstitisyon finansye ki oblike swiv rekòmandasyon mekanis rediksyon kont li genyen anndan li pou sispann yon finansman.

17 Yon move pèfòmans yon kliyan sou plan anviwonmantal ak sosyal, tankou si li pa rive redui epi/oswa repare domaj anviwonmantal ak sosyal li te fè sou kominate yo, sa kapab rezante yon vyolasyon akò prè li genyen avèk enstitisyon finansye ki ap fè devlopman an (DFI). Enstitisyon sa yo (DFI) genyen plizyè rekou yo kapab itilize nan kesyon kontra kont kliyan yo, men yo raman itilize zouti puisan sa a. Konsilte EarthRights International (2023), ki diskite sou Sosyete Finansye Entènasional la (IFC) ki pa rive itilize sa ki prevwa nan kesyon konstra nan dosye Tata Mundra nan mitan konfli li avèk *Jam v. IFC* litigation.

18 Kòm egzanp, Bank Mondyal te genyen entansyon ofmante finansman li pou peyi ki frafil epi ki afekte akoz konkli epi vyolans nan kad "evolisyon" li ap pwopoze pou reponn a defi mondal yo ki ap ogmante. Konsilte, kòm egzanp, World Bank Development Committee (2023, 18).

# References

- Accountability Console. Pa gen dat. "A Database of Human Rights & Environmental Grievances." <https://accountabilityconsole.com>.
- Accountability Counsel. 2018. "Summary of the Agreement between Stakeholders in the Case MICI-IDB-HA-2017-0114: 'Productive Infrastructure Program' (HA-L1055 ak lòt ankò)." <https://www.accountabilitycounsel.org/wp-content/uploads/2018/12/agreement-summary-pic-mici-bid-ute-kol-december-19-2018-final-eng.pdf>.
- Accountability Counsel ak Arab Watch Coalition. 2022. *Our Last and Only Resort: What Happens When Development Goes Wrong in the Middle East and North Africa*. <https://aconsole-static.s3.us-west-1.amazonaws.com/media/public/stories/Our+Last+and+Only+Resort.pdf>.
- Acumen Capital Partners. 2024. "Acumen's Grievance Redress Mechanism for GCF-Funded Projects." <https://acumencapitalpartners.com/grievance>.
- Alphonse, Roberson. 2019. "La SONAPI écartée, l'UTE prend en charge le Parc Industriel de Caracol." *Le Nouvelliste*, 24 Jiyè. <https://lenouvelliste.com/article/204973/la-sonapi-ecartee-lute-prend-en-charge-le-parc-industriel-de-caracol>.
- ANZ Banking Group Limited. 2024. "Our Approach to Human Rights." <https://www.anz.com.au/about-us/esg/fair-responsible-banking/human-rights>.
- Beaubien, Jason. 2013. "Will 'Made In Haiti' Factories Improve Life In Haiti?" NPR, February 14. <https://www.npr.org/2013/02/14/170783895/will-made-in-haiti-factories-improve-life-in-haiti>.
- Bojarski, Sam. 2022. "Haitian Farmers Displaced by Caracol Project Still Await Compensation." *The Haitian Times*, 25 Fevriye. <https://haitiantimes.com/2022/02/25/haitian-farmers-displaced-by-caracol-project-still-await-compensation>.
- Bradlow, Daniel. 2005. "Private Complainants and International Organizations: A Comparative Study of the Independent Inspection Mechanisms in International Financial Institutions." *Georgetown Journal of International Law* 36 (Winter): 403, 405–410.
- Chérestal, Kysseline Jean-Mary. 2015. *Building Back Better? The Caracol Industrial Park and Post-Earthquake Aid to Haiti*. ActionAid. <https://www.actionaidusa.org/publications/building-back-better-caracol-industrial-park-post-earthquake-aid-haiti>.
- Cohen, Marc J. 2013. "Diri nasyonal ou diri Miami? Food, Agriculture and US-Haiti relations." *Food Security* 5: 597–606.
- Day, Margaux. 2021. "U.S. Congress Requires USAID to Create an Accountability Mechanism." Accountability Counsel, January 5. <https://www.accountabilitycounsel.org/2021/01/u-s-congress-requires-usaid-to-create-an-accountability-mechanism>.
- EarthRights International. 2023. Submission of EarthRights International on the Draft IFC /MIGA Approach to Remedial Action. <https://earthrights.org/wp-content/uploads/2023/04/ERI-Submission-on-IFC-MIGA-Remedial-Approach-4.20.23.pdf#page=32>.

- Fox, Jonathan. 2015. "Social Accountability: What Does the Evidence Really Say?" *World Development* 72: 346–361. <https://doi.org/10.1016/j.worlddev.2015.03.011>
- Genovese, Kristen, Caitlin Daniel, Sarah Singh, and Mariëtte van Huijstee. 2016. *Glass Half Full? The State of Accountability in Development Finance*. The Netherlands: SOMO (Center for Research on Multinationals). <https://www.somo.nl/glass-half-full-2/>.
- IDB. 2012. "IDB Hails New Industrial Park in Northern Haiti." Inter-American Development Bank news release, October 22. <https://www.iadb.org/en/news/idb-hails-new-industrial-park-northern-haiti>.
- IDB. 2014. "Policy of the Independent Consultation and Investigation Mechanism. Approved Version." [https://accountabilitycounsel.org/wp-content/uploads/2017/11/2014.12.17-MICI-Policy\\_approved-final.pdf](https://accountabilitycounsel.org/wp-content/uploads/2017/11/2014.12.17-MICI-Policy_approved-final.pdf).
- IDB. 2021. *Haiti Productive Infrastructure Program VHA-L1143 Environmental and Social Management Report (ESMR)*. V3.12. <https://www.google.com/url?q=https://www.iadb.org/document.cfm?id%3DEZSHARE-1884470785-30&sa=D&source=docs&ust=1717090946117664&usg=AOvVaw2zyslue7Pbz3SuqvSdqQ-N>.
- IDB. 2023. "Support the Development of IDB's Framework to Support Populations in Fragile, Violent and Conflict-Affected Situations." <https://www.iadb.org/en/project/RG-T4371>.
- IDB. Pa gen dat, a. "Haiti Productive Infrastructure Program III (HA-L1091) Project Profile. Annex III – HA-L1091." <http://idbdocs.iadb.org/wsdocs/getdocument.aspx?docnum=38770014>.
- IDB. Pa gen dat, b. "Projects: Haiti." [https://www.iadb.org/en/project-search?query=productive+infrastructure&f\\_sector=&f\\_country\\_name=Haiti&f\\_project\\_status=&f\\_operation\\_number=&f\\_from=&f\\_to=&f\\_approval\\_date=](https://www.iadb.org/en/project-search?query=productive+infrastructure&f_sector=&f_country_name=Haiti&f_project_status=&f_operation_number=&f_from=&f_to=&f_approval_date=)
- IDB. Pa gen dat, c. "Development of the Industrial Park Model to Improve Trade Opportunities for Haiti." <https://www.iadb.org/en/project/HA-T1074>.
- Jaramillo, Sara. 2023. "Making IAMs Accessible for all Communities." Accountability Console, 7 Dawout. <https://accountabilityconsole.com/newsletter/articles/making-iams-accessible-for-all-communities>.
- Johnston, Barbara Rose. 2000. *Reparations and the Right to Remedy*. World Commission on Dams Contributing Report, Thematic Review 1.
- Johnston, Jake. 2024. *Aid State: Elite Panic, Disaster Capitalism, and the Desire to Control Haiti*. Macmillan.
- Joos, Vincent. 2023. "Malediksyon: (Neo)Colonial Development, Disasters, and Countercapitalism in Northeastern Haiti." In *The Power of the Story: Writing Disasters in Haiti and the Circum-Caribbean*, edited by Vincent Joos, Martin Munro, and John Ribó, 62–77. New York and Oxford: Berghahn Books.
- Koios Associates. 2010. *Final Report: Development of the Industrial Park Model to Improve Trade Opportunities for Haiti*. <https://www.accountabilitycounsel.org/wp-content/uploads/2017/08/EZSHARE-422213973-15.pdf>.
- Koios Associates. 2011. *Study of the Environmental and Social Impacts of the Industrial Park in the Region of Northern Haiti*. Annex 2. <https://www.iadb.org/Document.cfm?id=EZSHARE-1056243720-2>.
- Kolektif. 2017. Letter of complaint addressed to Victoria Márquez Mees, Director, Independent Consultation and Investigation Mechanism, Inter-American Development Bank. 12 Janvye 2017. <https://www.accountabilitycounsel.org/wp-content/uploads/2017/08/1.12.17-Caracol-Industrial-Park-MICI-complaint-1.pdf>.

- Lauterbach, Claire. 2013. *Caracol Industrial Park: Social and Gender Impacts of Year One of Haiti's newest IFI-funded Industrial Park*. Washington DC: Gender Action. <http://www.genderaction.org/publications/caracol.pdf>.
- McIntire, Mike. 2016. "Haiti and Africa Projects Shed Light on Clinton's Public-Private Web." *The New York Times*, 16 Oktòb. <https://www.nytimes.com/2016/10/17/us/hillary-clinton-cheryl-mills.html>.
- MICI. 2014. "Policy of the Independent Consultation and Investigation Mechanism." Inter-American Development Bank. [https://accountabilitycounsel.org/wp-content/uploads/2017/11/2014.12.17-MICI-Policy\\_approved-final.pdf](https://accountabilitycounsel.org/wp-content/uploads/2017/11/2014.12.17-MICI-Policy_approved-final.pdf).
- MICI. 2017. "Productive Infrastructure Program — Request II Consultation Phase — Monitoring of agreements." <https://mici.iadb.org/en/cases/MICI-BID-HA-2017-0114>.
- MICI. 2019. *Consultation Phase Report: Productive Infrastructure Program MICI-BID-HA-2017-0114*. Independent Consultation and Investigation Mechanism, Inter-American Development Bank. <http://idbdocs.iadb.org/wsdocs/getdocument.aspx?docnum=EZSHARE-124330786-1143>.
- MICI. Pa gen dat. *Haiti Consultation Phase Assessment Report MICI-BID-HA-2017-0114*. Independent Consultation and Investigation Mechanism, Inter-American Development Bank. <http://www.iadb.org/document.cfm?id=40874988>.
- Ministè Ekonomi ak Finans. 2011. *Plan d'action pour la compensation et le retablissement des moyens d'existence des personnes affectées par le projet du Parc Industriel de Caracol*. Technical Execution Unit, Ministry of Economy and Finance, Republic of Haiti. <http://idbdocs.iadb.org/wsdocs/getdocument.aspx?docnum=EZSHARE-422213973-89>.
- Müller-Poitevien, Henri-Claude. 2012. "Haiti's Battle to Shake off a Poor Reputation." *Huffington Post*, 7 Septanm. <http://huff.to/2atUb9p>.
- Park, Susan. 2022. *The Good Hegemon: US Power, Accountability as Justice, and the Multilateral Development Banks*. Oxford University Press.
- Shamsie, Yasmine. 2012. "Haiti's Post-Earthquake Transformation: What of Agriculture and Rural Development?" *Latin American Politics and Society* 54.2: 133–152.
- Smucker, Glenn, Thomas White, and Michael Bannister. 2000. *Land Tenure and the Adoption of Agricultural Technology in Haiti*. CAPRI Working Paper No. 6. <https://ebrary.ifpri.org/utils/getfile/collection/p15738coll2/id/125405/file-name/125406.pdf>.
- Sontag, Deborah. 2012. "Earthquake Relief Where Haiti Wasn't Broken." *The New York Times*, 5 Jiyè. <http://nyti.ms/1KUfV8T>.
- Suzuki, Eisuke and Suresh Nanwani. 2005. "Responsibility of International Organizations: The Accountability Mechanisms of Multilateral Development Banks." *Michigan Journal of International Law* 27 (1): 177-182.
- Tarter, Andrew, Katie Kennedy Freeman, Christopher Ward, Klas Sander, Kenson Theus, Barbara Coello, Yarine Fawaz, Melinda Miles, and Tarig Tagalasfia G. Ahmed. 2018. *Charcoal in Haiti: A National Assessment of Charcoal Production and Consumption Trends*. Washington DC: The World Bank.
- Trouillot, Michel-Rolph. 1990. *Haiti, State Against Nation: The Origins and Legacy of Duvalierism*. New York: Monthly Review Press.

USAID. Pa gen dat. "Caracol Industrial Park. Background Information." <https://2012-2017.usaid.gov/haiti/caracol-industrial-park>.

Welsh, Teresa. 2022. "3 Years On, Haitians Displaced by IDB Project Await Land Compensation." Devex, 23 Fevriye. <https://www.devex.com/news/3-years-on-haitians-displaced-by-idb-project-await-land-compensation-102667>.

Wisner, Sandra and Brian Concannon. 2023. "Debt and Dependence: Foreign Interference in Haiti and the Importance of Non-State Actor Accountability." *Northwestern Journal of Human Rights* 21: 185. <https://scholarlycommons.law.northwestern.edu/njhr/vol21/iss3/1>.

World Bank Group. 2024. "Fragility, Conflict & Violence, Overview." <https://www.worldbank.org/en/topic/fragilityconflictviolence/overview#1>.

World Bank Accountability Mechanism. 2023. "First Two Independent Dispute Resolution Cases Reach Settlements." 15 Jen. <https://accountability.worldbank.org/en/news/2023/first-two-DR-cases-settlement>.

World Bank Development Committee. 2023. "Ending Poverty on a Livable Planet: Report to Governors on World Bank Evolution, for meeting on Oct 12." 28 Septanm. <https://www.devcommittee.org/content/dam/sites/dev-committee/doc/documents/2023/Final%20Updated%20Evolution%20Paper%20DC2023-0003.pdf>.

WWF.2024."AccountabilityandGrievanceRedressMechanism.ComplaintReviewProcess."WorldWideFundforNature. <https://www.worldwildlife.org/pages/accountability-and-grievance-redress-mechanism#:~:text=Complaint%20Review%20Process,confidentiality%2C%20unless%20this%20is%20waived>.

Zabludovsky, Karla. 2022. "These Haitians Were Children When A US-Funded Project Evicted Them From Their Land. They Can't Afford College." BuzzFeed News, 15 Jen. <https://www.buzzfeednews.com/article/karlazabludovsky/haiti-industrial-park-caracol>.



## Dokiman Travay

- Parra Bayona, Mauricio. 2024. "Tejiendo vínculos entre autoprotección y protección colectiva: la experiencia de ACADESAN en Colombia". Accountability Research Center. *Accountability Working Paper* 18.
- Fox, Jonathan, Brendan Halloran, Alta Fölscher, ak Rosie McGee. 2024. "Disentangling Government Responses: How Do We Know When Accountability Work Is Gaining Traction?" Accountability Research Center. *Accountability Working Paper* 17.
- Abhishek, Shriyuta ak Samir Garg. 2023. "Community Health Workers as Rights Defenders: Exploring the Collective Identity of the Mitanins of Chhattisgarh, India." Accountability Research Center. *Accountability Working Paper* 16.
- Gearhart, Judy. 2023. "Building Worker Power in Global Supply Chains: Lessons from Apparel, Cocoa, and Seafood." Accountability Research Center. *Accountability Working Paper* 15.
- Shukla, Abhay, Shweta Marathe, Deepali Yakkundi, Trupti Malti, ak Jonathan Fox. 2023. "Activating Spaces, Scaling Up Voices: Community-based Monitoring and Planning of Health Services in Maharashtra, India." Accountability Research Center. *Accountability Working Paper* 14.
- Gearhart, Judy. 2023. "Local Voices, Global Action: Transnational Organizing in Apparel Supply Chains." Accountability Research Center. *Accountability Working Paper* 13.
- Gebremedhin, Abrehet. 2023. "Moving on Up: Multilevel Monitoring and Advocacy for Health Rights." Accountability Research Center. *Accountability Working Paper* 12.

## Atik nan domenn Redisyon kont

- Parra Bayona, Mauricio, Elizabeth Moreno Barco, ak Jonathan Fox. 2024. "Collective Protection for Communities and Rights Defenders at Risk: Lessons from Grassroots Advocacy in Colombia", Accountability Research Center, *Accountability Note* 13.
- Fox, Jonathan, ak Carlos García Jiménez. 2023. "Farmer Movement Oversight and New Approaches to Government Agriculture Programs in Mexico." Accountability Research Center. *Accountability Note* 12.
- Quiñones Mendoza, Helmer Eduardo. 2022. "The Ethnic Chapter of Colombia's Peace Agreement Five Years On: An Independent Assessment." Accountability Research Center. *Accountability Note* 11.
- Brophy, Sorcha, Veena Sriram, Haotian Zong, Chloe Andres, Maria Paz Mawtin, ak Narayanan GL. 2022. "Heroes on Strike: Trends in Global Health Worker Protests during COVID-19." Accountability Research Center, *Accountability Note* 10.
- Swamy, Rakshita. 2020. "From Peoples' Struggles to Public Policy: The Institutionalization of the Bhilwara Framework of Social Accountability in India." Accountability Research Center. *Accountability Note* 9.

Konsilte tout piblikasyon yo sou sit entènèt sa a:  
<http://accountabilityresearch.org/publications/>



American University  
School of International Service  
4400 Massachusetts Ave NW  
Washington, DC 20016  
[www.accountabilityresearch.org](http://www.accountabilityresearch.org)